

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta desain *pretest and posttest control group design*. Pola desain panalungtikanana bisa dititénan dina tabél di handap.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan

R. Eksp	O ₁	X	O ₂
R. Kontr	O ₃		O ₄

(Sugiyono, 2012, kc. 76)

Keterangan:

- R = *Random*
- O₁ = Pratés (hasil observasi saméméh diajar maké stratégi pangajaran ékspositori
- O₂ = Pascatés (hasil observasi sanggeus *perlakuan* diajar maké stratégi pangajaran ékspositori
- O₃ & O₄ = Pratés jeung pascatés (hasil observasi saméméh jeung sanggeus diajar teu maké stratégi pangajaran ékspositori
- X = *Perlakuan* maké stratégi pangajaran ékspositori

Ieu desain téh miboga tujuan pikeun nalungtik aya henteuna hubungan sabab jeung akibat anu maké *perlakuan* ku salah sahiji kelompok, tuluy ngabandingkeun hasilna jeung kelompok anu teu maké *perlakuan*.

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu panalungtikan dimimitian ku cara nyieun heula rarancang panalungtikan. Sanggeus kitu, perlu nyusun intrumén panalungtikan anu diujikeun ka kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Boh kelas ékspérimén boh kelas kontrol, duanana dibéré tés awal (pratés) jeung tés ahir (pascatés) anu sarua. Ngan bédana, kelas ékspérimén dibéré *perlakuan* anu mangrupa ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori dina prosés pembelajaran maca jeung nulis aksara Sunda. Sedengkeun kelas kontrol maké strategi *konvensional*.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi nya éta objék anu bakal ditalungtik dini hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa benda, manusa, atawa kajadian (Suyatna, 2002).

Dina ieu panalungtikan, anu dijadikeun populasi nya éta siswa kelas VII SMP Negeri 2 Depok Kota Depok Taun Ajaran 2016/2017 anu jumlahna sabelas kelas. Jumlah populasi bisa dititénan dina tabél di handap.

Tabél 3.2
Data Populasi Panalungtikan

Kelas	Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
(1)	(2)	(3)	(4)
VII A	14	19	33
VII B	16	19	35
VII C	14	19	33
VII D	16	17	33
VII E	14	20	34
VII F	16	19	35
VII G	15	18	33

(1)	(2)	(3)	(4)
VII H	15	18	33
VII I	13	22	35

3.2.2 Sampel

Numeutkeun Suyatna (2002), sampel mangrupa bagéan tina populasi sarta bisa dipandang ngawakilan populasi.

Dina ieu panalungtikan, sampel anu dipaké nya éta *purposive sampling*, nya éta nyokot sampel henteu maké dasar peluang, tapi ku cara ditangtukeun ku panalungtik dumasar kana kabutuh jeung tinimbangan anu tangtu.

Pengklasifikasian kelas VII SMP Negeri 2 Depok ngagunakeun kritéria anu nuduhkeun perlakuan anu sarua, boh dina prestasi siswa, jumlah siswana anu teu pati bédha, kaayaan siswana, guru nu ngajarna, buku sumberna, atawa kurikulum anu dipakéna ogé sarua. Ku sabab kitu, kaayaan kelas VII SMP Negeri 2 Depok nu jumlahna salapan kelas, ti mimiti kelas VII A nepi ka kelas VII I téh homogén.

Ku sabab sakabéh kelas VII SMP Negeri 2 Depok Taun Ajaran 2016/2017 téh homogén, sampel anu dicokot téh dua kelas nya éta kelas VII D salaku kelas ékspérimén jeung kelas VII C salaku kelas kontrol, ku cara diundi (*random*).

Tabél 3.3
Data Siswa Kelas Ékspérimén jeung Kelas Kontrol

Kelas	Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
Ékspérimén (VII D)	16	17	33
Kontrol (VII C)	14	19	33

3.3 Intrumén Panalungtikan

Intrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta intrumén tés. Ieu tés digunakeun pikeun meunangkan data kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda, boh di kelas ékspérimén boh di kelas kontrol. Teknik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta téknik tés pratés jeung pascatés. Pratés dilakukeun pikeun sakabéh kelompok. Sanggeus bérés ngalakukeun pratés, kelas ékspérimén diajar kalawan maké stratégi pangajaran ékspositori, sedengkeun kelas kontrol diajar maké stratégi *konvensional*.

3.3.1 Instrumén Pratés jeung Pascatés Maca Aksara Sunda.

SBBaca jeung salin kana aksara Latén!

- |1| lmun; getol; diajQ UrN bkl; pin;te Q
- |2| mnus kudu lbdH k gus;ti anu mh suci
- |3| demi wn;ci stemen;n jl;m ay din rugi
- |4| bedil; Jo[lNkRN din toNgoN m[nHn
- |5| Usum; hujn; jlnn; br[r[ck;

3.3.2 Intrumén Pratés jeung Pascatés Nulis Aksara Sunda.

Salin kana aksara Sunda!

1. Kamari kuring indit ka Bogor.
2. Barudak arulin di lapang.
3. SMP Negeri 2 Depok ayana di Bangau Raya.
4. Pramuka keur kémping.
5. Ayeuna téh usum hujan.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 265), téknik ngumpulkeun data nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu dibutuhkeun. Téknik ngumpulkeun data kudu luyu jeung masalah anu rék ditalungtik.

Lantaran ieu panalungtikan téh mangrupa studi ékspérimén kana hiji stratégi pangajaran, téknik ngumpulkeun data anu cocog dipaké nya éta téknik tés. Arikunto (2010, kc. 193) nyebutkeun yén tés téh mangrupa runtusan patalékan-patalékan atawa latihan sarta pakakas lian anu dipaké keur ngukur kaparigelan jeung pangaweruh *intelelegensi*, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok.

Intrumén tés dina ieu panalungtikan dibutuhkeun pikeun mikanyaho kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké stratégi pangajaran ékspositori jeung maké stratégi *konvensional*.

Aya sababaraha léngkah dina ngumpulkeun data, di antarana: (1) nyusun instrumén panalungtikan dina wangu tés maca jeung tés nulis aksara Sunda; (2) ngalaksanakeun pratés maca jeung nulis aksara Sunda kelas ékspérimén; (3) ngalaksanakeun pratés maca jeung nulis aksara Sunda kelas kontrol; (3) ngayakeun pascatés maca jeung nulis aksara Sundan kelas ékspérimén kalawan perlakuan (*treatment*) maké stratégi pangajaran ékspositori; jeung (4) ngayakeun pascatés maca jeung nulis aksara Sunda kelas kontrol anu maké strategi *konvensional*.

3.5 Téknik Ngolah Data

Téknik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik statistik déskrifitif jeung inférénsial. Téknik statistik inférénsial dipaké minangka alat bantu pikeun penulis dina maham data nu aya. Data nu diolah dibagi jadi 2 (dua) bagéan, nya éta (1) data kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascatés kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, jeung (2) data kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascatés

kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Éta data diolah pikeun nguji sipat data jeung uji hipotésis kalawan bantuan Program *SPSS Versi 18 for Windows*.

Dina prosés ngolah data kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascatés kelas ékspérimén jeung kelas dilakukeun sababaraha léngkah ieu di handap.

- 1) Méré skor kamampuh maca aksara Sunda pratés jeung pascatés di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.
- 2) Ngalakukeun uji normalitas kana data skor pratés jeung pascatés dina kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol. Uji normalitas data dipaké pikeun mikanyaho wangun distribusi data (sampel) anu digunakeun dina panalungtikan. Ieu uji téh dilakukeun maké Program *SPSS Versi 18 for Windows* kalawan tapsiran Shapiro-Wilk ku rumus Chi Kuadrat (Chi square atawa χ^2). Kriteria uji normalitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nya éta:
 - Nilai normal (distribusi normal) lamun *Asymp Signification (Asymp. Sig)* tina $\chi^2 > 0,05$.
 - Nilai teu normal (distribusi teu normal) lamun *Asymp Signification (Asymp. Sig)* tina $\chi^2 < 0,05$.
- 3) Ngalakukeun uji homogénitas data pratés jeung pascatés dina kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol kalawan tujuan mikanyaho homogén henteuna varian kadua kelompok. Uji homogénitas dilakukeun ku Program *SPSS Versi 18 for Windows* maké rumus Levene Statistic (Lev.Stat). Kritéria uji homogénitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nya éta:
 - Nilai téh homogén lamun signifikansi tina nilai Lev. Stat $> 0,05$.
 - Nilai téh teu homogén lamun signifikansi nilai Lev. Stat $< 0,05$.
 Anapon léngkah-léngkah nguji homogénitas kalawan SPSS téh nya éta:
 - a) Asupkeun data dina format SPSS kalawan format kolom kahiji panimbang jeung kolom kadua peunten.
 - b) Pilih menu *analysis, compare means*, jeung pilih *oneway anova*.

- c) Pilih *option* jeung tandaan *descriptive* jeung *homogeneity df variance test*.
 - d) Pilih continue.
 - e) Pilih OK.
- 4) Nguji béda antara pratés jeung pascatés kadua kelompok dina kamampuh maca aksara Sunda kalawan uji “t”.
- 5) Nangtukeun signifikasi hasil kadua téss.
- 6) Napsirkeun hasil itung kalawan ngagunakeun uji “t” pikeun mikanyaho aya henteuna bédéaan varians tina peunteun maca aksara Sunda pascatés kelas ékspérимén jeung kelas kontrol. Uji “t” dilakukeun ku komputer (*Program SPSS Versi 18 for Windows*) ngagunakeun uji Mann Whitney. Kriteria uji “t” dina darajat kasalahan atawa *signifikansi* 0,05 (5 %) nya éta:
- Lamun signifikasi tina niléy $t < 0,05$ mangka aya bédá anu signifikan antara peunteun pascatés kelas ékspérимén jeung peunteun pascatés kelas kontrol.
- Lamun signifikasi tina niléy $t > 0,05$ mangka teu aya bédá anu signifikan antara peunteun pascatés kelas ékspérимén jeung peunteun pascatés kelas kontrol.

Kitu deui dina ngolah data kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascatés kelas ékspérимén jeung kelas kontrol, léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Méré skor kamampuh nulis aksara Sunda pratés jeung pascatés di kelas ékspérимén jeung kelas kontrol.
- 2) Ngalakukeun uji normalitas kana data skor pratés jeung pascatés dina kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérимén jeung kontrol. Uji normalitas data dipaké pikeun mikanyaho wangun distribusi data (sampel) anu digunakeun dina panalungtikan. Ieu uji téh dilakukeun maké Program *SPSS Versi 18 for Windows* kalawan tapsiran Shapiro-Wilk ku rumus Chi Kuadrat (Chi square atawa χ^2). Kriteria uji normalitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nya éta:
 - Nilai normal (distribusi normal) lamun *Asymp Signification (Asymp. Sig)* tina $\chi^2 > 0,05$.

- Nilai teu normal (distribusi teu normal) lamun *Asymp Signification (Asymp. Sig)* tina $x^2 < 0,05$.
- 3) Ngalakukeun uji homogénitas data pratés jeung pascatés dina kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol kalawan tujuan mikanyaho homogén henteuna varian kadua kelompok. Uji homogénitas dilakukeun ku Program *SPSS Versi 18 for Windows* maké rumus Levene Statistic (Lev.Stat). Kritéria uji homogénitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nya éta:
- Nilai té s homogén lamun signifikansi tina nilia Lev. Stat $> 0,05$.
 - Nilai té s teu homogén lamun signifikansi nilai Lev. Stat $< 0,05$.
- Anapon léngkah-léngkah nguji homogénitas kalawan SPSS téh nya éta:
- a) Asupkeun data dina format SPSS kalawan format kolom kahiji panimbang jeung kolom kadua peunten.
 - b) Pilih menu *analysis, compare means*, jeung pilih *oneway anova*.
 - c) Pilih *option* jeung tandaan *descriptive* jeung *homogeneity df variance test*.
 - d) Pilih *continue*.
 - e) Pilih *OK*.
- 4) Nguji béda antara pratés jeung pascatés kadua kelompok dina kamampuh nulis aksara Sunda kalawan uji “t”.
- 5) Nangtukeun signifikasi hasil kadua té.
- 6) Napsirkeun hasil itung kalawan ngagunakeun uji “t” pikeun mikanyaho aya henteuna bbédaan varians tina peunteun nulius aksara Sunda pascatés kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Uji “t” dilakukeun ku komputer (*Program SPSS Versi 18 for Windows*) ngagunakeun uji Mann Whitney. Kriteria uji “t” dina darajat kasalahan atawa *signifikansi* 0,05 (5 %) nya éta:
- Lamun signifikasi tina niléy $t < 0,05$ mangka aya béda anu signifikan antara peunteun pascatés kelas ékspérimén jeung peunteun pascatés kelas kontrol.
- Lamun signifikasi tina niléy $t > 0,05$ mangka teu aya béda anu signifikan antara peunteun pascatés kelas ékspérimén jeung peunteun pascatés kelas kontrol.

3.5.1 Kamampuh Maca Aksara Sunda

Soal tés maca aksara Sunda tingkat SMP dijieuun dina wangun kalimat. Ieu soal miboga tujuan pikeun maluruh kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké strategi pangajaran ékspositori. Pikeun mikanyaho kamampuh awal jeung ahir maca aksara Sunda, dipaké rubrik meunteun dina tabél di handap.

Tabél 3.4

Rubrik Meunteun Kamampuh Awal jeung Ahir Maca Aksara Sunda

No	Aspék anu dipeunteun	Skor	Skala
(1)	(2)	(3)	(4)
	Waktu maca		
	Jumlah kecap nu bener		
	Volume sora		
Jumlah			

Keterangan:

1) Waktu maca

Aspék anu dipeunteun dina waktu maca nya éta waktu anu kahontal ku siswa dina maca kalimah-kalimah anu aya dina sakabéh soal. Peunteunna miboga skala:

Skala peunteun 5 : 30 - 60 detik : gancang pisan

Skala peunteun 4 : 61 – 90 detik : gancang

Skala peunteun 3 : 91 – 120 detik : rada gancang

Skala peunteun 2 : 121 – 150 detik: alon

Skala peunteun 1 : > 151 detik : alon pisan

2) Jumlah kecap nu bener

Aspék anu dipeunteun dina jumlah kecap nu bener miboga skala:

Skala peunteun 5 : 25 – 30 kecap : loba pisan nu bener

Skala peunteun 4 : 19 – 24 kecap : loba benerna

- Skala peunteun 3 : 13 – 18 kecap : sedeng benerna
 Skala peunteun 2 : 7 – 12 kecap : saeutik nu benerna
 Skala peunteun 1 : 0 – 6 kecap : saeutik pisan nu benerna.

3) Volume sora

Aspék nu dipeunteun nya éta bedas henteuna sora dina waktu maca kalimah-kalimah dina soal. Skala peunteunna:

- Skala peunteun 5 : volume sora bedas ti mimiti nepi ka ahir.
 Skala peunteun 4 : volume sora bedas tapi aya alonan sakapeng.
 Skala peunteun 3 : volume sora kirang bedas.
 Skala peunteun 2 : volume sora laun.
 Skala peunteun 1 : volume sora laun pisan.

3.5.2 Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Tés nulis aksara Sunda miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh awal jeung ahir nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi pangajaran ékspositori. Unggal siswa nyalin soal dina wangun aksara latén kana aksara Sunda. Pikeun meunteunna, dipaké rubrik meunteun dina tabel di handap.

Tabel 3.5

Rubrik Meunteun Kamampuh Awal jeung Ahir Nulis Aksara Sunda

No	Aspek nu dipeunteun (2)	Skor (3)	Skala (4)
(1)	Benerna nulis aksara swara		
	Benerna nulis aksara ngalagena jeung angka		
	Benerna nulis rarangkén		
	Rapihna nulis aksara Sunda		
	Jumlah		

Keterangan:

1) Aspék anu dipeunteun dina benerna nulis aksara swara nya éta jumlah aksara swara nu bener nulisna. Dina soal nulis aksara Sunda, aya genep aksara swara.

Skala peunteunna nya éta:

Skala peunteun 5 : bener genep = loba pisan benerna

Skala peunteun 4 : bener lima = loba benerna

Skala peunteun 3 : bener opat = rada loba nu benerna

Skala peunteun 2 : bener tilu = saeutik nu benerna

Skala peunteun 1 : ≤ bener dua = saeutik pisan benerna

2) Aspék nu dipeunteun dina benerna nulis aksara ngalagena jeung angka nya éta jumlah aksara ngalagena jeung angka nu bener nu ditulis ku siswa. Jumlah aksara ngalagena jeung angka anu aya dina soal nulis nya éta 58 aksara. Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : loba pisan benerna

Skala peunteun 4 : loba benerna

Skala peunteun 3 : rada loba benerna

Skala peunteun 2 : saeutik benerna

Skala peunteun 1 : saeutik pisan benerna

3) Aspék nu dipeunteun dina benerna nulis rarangkén nya éta jumlah rarangkén nu bener nu ditulis ku siswa. Jumlah rarangkén anu aya dina soal nulis aksara Sunda ny éta aya 42 rarangkén. Skala peunteunna:

Skala peunteun 5 : loba pisan benerna

Skala peunteun 4 : loba benerna

Skala peunteun 3 : rada loba benerna

Skala peunteun 2 : saeutik benerna

Skala peunteun 1 : saeutik pisan benerna

4) Aspék rapihna tulisan miboga skala peunteun:

Skala peunteun 5 : rapih pisan

Skala peunteun 4 : rapih

Skala peunteun 3 : rada rapih

Skala peunteun 2 : kirang rapih

Skala peunteun 1 : teu rapih.